



PWOGRAM SANTE NAN LEKÒL REJYON PALM BEACH KONSANTMAN POU YO FÈ TÈS COVID-19 ak/oswa GRIP AVÈK OTORIZASYON POU YO PATAJE DOSYE

Pwogram Sante nan Lekòl la, ki genyen ladan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach ("Distri Lekòl"), Distri Sante Rejyon Palm Beach ("Health Care District") ak Depatman Sante Rejyon Palm Beach ("Department of Health") ofri pou yo fè tès COVID-19 ak/oswa Grip pou elèv ki vini nan klinik Lekòl Distri a avèk sentòm COVID-19¹ oswa Grip pou pwoteje sante, sekirite avèk byennèt elèv ak estaf Distri Lekòl la. Y ap kontinye tès volontè sa a, toutotan tès sa yo disponib, san ou pa bezwen peye.

Enfòmasyon sou Tès : Tès COVID-19 yo pral bay pitit ou a kapab swa yon tès rapid antijèn oswa yon tès rapid molekilè, FDA te apwouve toulede nan kad otorizasyon pou itilize nan ka ijan. Tès Grip la genyen apwobasyon FDA. Chak nan tès sa yo enplike, mete yon aplikatè nan nen pitit ou pou yo jwenn yon echantiyon pou yo teste. Genyen risk ak benefis nan fè yon tès dyagnostik konsa epi kapab genyen yon potansyalite pou rezilta tès la fo pozitif oswa fo negatif. Anplis, tès la kapab koze ti malèz leje nan nen oswa gòj pitit ou a pandan pwosesis koleksyon an ak pandan yon ti bout tan apresya. Y ap ba ou rezilta tès pitit ou a epi se pral responsablite w pou chèche konsèy ak tretman nan men doktè ou si sa nesèsè. Ou kapab kontakte enfimye lekòl la tou pou plis enfòmasyon.

KONSANTMAN POU YO FÈ TÈS: Lè ou siyen anba la a, ou konfime ou te li epi ou te konprann Konsantman pou yo fè Tès COVID-19/Grip la. Pi prezizman, lè w siyen anba la a ou:

- Bay pèmasyon pou yo teste pitit ou a pou:
 - ☐ COVID-19
 - ☐ INFLUENZA (GRIP) (tanpri, tcheke youn oswa toulede)
- Konprann sa, reprezantan yo fòme a pral detèmine ki tès pou yo fè baze sou sentòm, ak otorizasyon yo te bay;
- Pa rann Pwogram Sante nan Lekòl la responsab pou tout domaj ki kapab prezante oswa akòz yon rezilta tès la;
- Konprann se responsablite pa ou pou chèche konsèy ak tretman nan men doktè w, si sa nesèsè;
- Konprann otorizasyon sa a valid jiskaske ou revoke l alekri ; ak

VI PRIVE ELÈV: Pwogram Sante Lekòl la konfòme l avèk tout lwa federal ak eta a, sou vi prive. Tout dosye sou egzamen ak tès COVID-19 ak Grip se dosye edikatif ki konfidansyèl selon Lwa sou Dwa Fanmi pou Edikasyon ak Vi Prive ("FERPA ann anglè). Jeneralman, anba FERPA, yo kapab divilge dosye edikasyon pitit ou a sèlman avèk konsantman ou, amwenske genyen yon eksepsyon ki aplikab. Pandan genyen eksepsyon ki akseptab pou egzamen ak tès COVID-19 ki mande pou yo soumèt dosye bay Depatman Sante epi pèmèt yo pataje dosye Distri Lekòl la, lè ou siyen anba la a, ou otorize Pwogram Sante nan Lekòl la pataje dosye egzamen ak tès COVID/ak oswa Grip avèk Depatman Sante ak/oswa Distri Lekòl la.

Tanpri, ou dwe konnen kòm paran oswa responsab, yon enfimye oswa administratè/tris/moun li deziye pral kontakte ou avan yo fè nenpòt tès, menmsi yo genyen konsantman sa a nan dosye yo. Y ap aksepte otorizasyon vèbal pou yo fè tès la, avèk konsantman sa a nan dosye a, avèk opsyon pou paran oswa responsab la prezan pandan tès la.

Paran/Responsab (Ekri ak lèt detache) _____

Siyati Paran/Responsab : _____ Dat : _____

Telefòn Selilè: _____ Lòt Telefòn: _____ (lakay/travay)

Siyati Elèv la (si li genyen plis pase 18 an) : _____ Dat : _____

Non Elèv la (Ekri ak lèt detache) : _____

Lekòl: _____ Klas: _____

¹Sentòm COVID-19 kapab enkli lafyèv oswa frison, tous sèch, esoufman oswa difikilte pou respire, fatig, doulè miskilè oswa nan tout kò, maltèt, pèt resan sans gou oswa odè, malgòj, konjesyon oswa nen k ap koule, noze oswa vomisman, ak dyare, dapre direktiv CDC yo.

Dat Publikasyon: 1 fevrye 2023